

Cerkak



SELOP JINGGRING

Déning: Pensil Kajoe

Kadingar é n Yu Dar d a n d h a n mlowés kaya artis ibu kota. Paremé kandél nganti kukul neng pipiné ora katon. Lipen neng lambéné abang méthér pisan. Ora kéri selop jinggring sing kridit aring Mbak Jaenab denggo. Mandan kangélan goli nglebokna tlapakané. Wong biasané playon neng galengan karo krobokan neng belet ya

angél arep nganggo selop jinggring.

Selasa éruk dhéwéké olih layang sekang kabupaten. Sing isiné Pak Bupati nimbali. Mulané atiné Yu Dar mongkog ora éram. Dhéwéké dadi wakil sekang désané merga dadi petani sing ulet lan kréatip.

Yu Dar goli maca layang tangané nganti ndlegdheg. Kayong ora precaya. Bola-bali Yu Dar maca jenengé neng layang kuwé mau.

Lakiné sing weruh polahé bojoné mung mésam-mésem kambi dhéhém.

"Hem, ehem... Jann ora kayas artis dadakan. Goli dandan kawit uput-uput nganti ayawéné durung rampung."

Yu Dar mung mlirik thok, ora semaur. Wara-wiri ganti krudhung merga dérasa ora cocog karo klambiné.

"Priwé ya, Pak. Apik sing endi? Sing ijo tuwa apa sing kuning kunir kiyé?" Yu Dar njaluk pendapat maring lakiné.

"Ko maning, masé lanang-lanang détakoni endi krudung sing cocog. Tumrapé inyong kabéh ya maén angger ko sing nganggo tah," lakiné Yu Dar goli ngomong gawé atiné sing wadon glesar-gleser ora karuan.

"Pak... pak... wis tuwa koh ésih doyan ngrayu yah? Isin rambuté wis loro," Yu Dar goli semaur karo raina semu abang.

"Hmm... wong lanang kayong ora nana beneré apa ya?" lakiné Yu Dar mbalik takon.

"Dasaré, hi hih hi..." Yu Dar ngguyu nyekikik ndelengna polahé lakiné sing merguyokna.

Dina kiyé pancén ngemu sejarah tumrapé Yu Dar. Mulané dhéwéké gisus kepéngin keton béda ora kaya biasané. Aja jéré wong ndésa sing saben ndina mung gupak neng sawah, kaminé belet thok, kepanasén.

"Sekali-kali ya olih mbok angger inyong kepéngin tampil béda?" ujaré Yu Dar.

Sing lanang mung manthuk-manthuk. Ora nyalahna. Ya pancén sapa wongé sing ora seneng bisa olih kesempatan sowan maring kabupaten, ketemu karo Pak Bupati maning. Aja mung weruh neng tv karo neng koran thok. Mulané bojoné goli dandan mlowés kaya ibu-ibu pejabat.

"Pak, énggané wis dandan kaya kiyé terus numpaké mobil tah tambah maén yoh?"

Détakoni kaya kuwé lakiné Yu Dar mésem.

"Dar... Dar... wis-wis aja kedhuwuren goli ngayal mbok mengko tibané lewih lara."

"Sapa sing ngayal, Pak? Genah inyong

lagi ngomongakén cita-cita. Ya sapa ngreti bisa kesembadan," Yu Dar goli semaur diplomatis persis kaya politikus sing saben dinangomong neng tipi.

"Wis, wis... ésih éruk aja réang. Wis sarapan apa durung? Mengko gutul kabupaten suren."

"Wis olih rong plokian. Gampang, Pak. Mengko neng kana toli ana acara mangan-mangan," semauré Yu Dar.

"Wah angger kaya kuwé, mbungkus ya nggo dégawa bali," lakiné Yu Dar ngglewéh.

oOo

Jam sanga téng Yu Dar wis gutul neng pendapa kabupaten, sing mauné mung bisa désawang Yu Dar sekang kadohan angger numpak angkot. Sekiyé bisa déambah.

Neng pendapa kabupaten Yu Dar ketemu wong akéh. Ibu-ibu perangkat désa, Ibu pejabat DPR uga ibu-ibu tani sekang désa liya. Katon kéwes-kéwes, goli macak ya rajin. Ujaré wong arep padha sowan maring Pak Bupati ya kudu macak sing rapi tur sopan. Kaya paribasan sing moniné *Ajining diri saka lathi, ajining raga saka busana*. Ora kemudu apik tur larang regané, ning asal rapi, sopan jané ya lewih apik. Timbang sing nganak-anakakena, détilalahi utang-utang mung nggo nampilna citra diri sing semu. Kon déarani wong wadon *modérn, kekinian*.

Sing déundang maring kabupaten, dudu wong sing kaya kuwé. Dudu wong sing dandané kudu mlówés, klambiné larang, paremé kandhel. Tapi wong-wong sing nduwéni kréatipitas, utamané neng plekara pretanian lan sapanunggalané.

Yu Dar njagong bareng ibu-ibu liyané. Mripaté plarak-plirik ndelengna wong-wong sing lagi ngematna pidatone Pak Bupati. Ana sing padha poto nganggo hapé, ana sing jenthiké utak-utik neng layar hapé. Gawé status neng pésbuk utawané Wa.

oOo

Ora krasa Yu Dar méh karo tengah jam neng pendapa kabupaten. Bokong karo tungkaké wis ngrasakna pegel karo panas. Ora biasa njagong suwé, sikilé kaku merga

selop jinggring sing déenggo gawé mlakuné getih neng awak dadi ora lancar.

Kambi mringis-mringis Yu Dar nahan sikilé sing semuten. Niaté arep tampil béda malah gawé rekasa awaké dhéwék. Sing mauné jan-jané déniati kon supayané keton apik malah dadi ora apik. Pancén lewih maén angger semadya apa anané.

Yu Dar dadi kémutan omongané lakiné sedurungé dhéweke mangkat maring kabupatén.

"Ati-ati neng kana, ko aja nganti kesléo. Ora biasa nganggo selop jinggring aja dépaksa."

Batir sing ngadheg neng sebelahé takon, "Kéwang ngapa, Bu Dar?"

"Kiyé sikilé inyong semuten," Yu Dar semaur kambi ngetog-ngetogna sikilé sing semuten.

"Inyong bé iya, anu ora biasa nganggo selop jinggring," wong wadon sing ésih tangga désa karo Yu Dar ngudarasa.

Jebulé wong loro kuwé padha-padha nganggo selop jinggring.

"Inyong jané ya mau wis dépenging neng ramané bocah kon aja nganggo selop jinggring, ning wong ujarku kepéngin keton mandan kéwes, nregani sing ngundhang," Yu Dar awéh alesan.

"Iya yoh yu. Jan-jané angger seblakané baé ora dégawé-gawé ya malah lewih kepenak yoh," ujaré tanggané.

"Iya. Maning-maning tah arep biasa baé. Siki idhep-idhep nggo pengalaman," ujaré Yu Dar.

Bareng acarané wis rampung, Yu Dar baliné mampir neng toko pérek pendapa. Dhéwéké tuku sandal japét merga sikilé nggo mlaku mandan pegel. Apamaning mengko kudu ngadang angkutan kota, délutugna ngebis maring Ajibarang njur ngojeg tekan umah. Bareng sandal japét wis temémpél neng sikilé, Yu Dar gipyak goli mlaku. Selop jinggring délebokna njero tas krések décangking.

Tumiyang, Pekuncen-Banyumas,
28 Januari 2019

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki!

1. Jlentrehna unsur-unsur kang mbangun cerkak ing nduwur

No	Unsur Intrinsik	Andharan
1	Tema	
2	Amanat	
3	Latar	
4	Sudut pandang	
5	Alur	
6	Penokohan	
7	Konflik	